

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan 1) kacindekan hasil panalungtikan jeung 2) saran-saran nu tumali jeung hasil panalungtikan.

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI. aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun.

##### **1) Tahap Pangaweruh Tatakrama Basa Sunda**

Tahap pangaweruh siswa kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI ngeunaan tiori tatakrama basa Sunda, tujuan tatakrama basa Sunda, wangenan tatakrama basa Sunda, kamekaran tatakrama basa Sunda, bagbagan makéna tatakrama basa Sunda, basa loma, basa lemes (lemes keur sorangan, lemes keur batur), jeung basa kasar aya dina tahap sedeng, (kalayan rata-rata peunteun 6,9).

##### **2) Tahap Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda**

Tahap kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda, basa loma, basa lemes (lemes keur sorangan, lemes keur batur), jeung basa kasar siswa kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI aya dina tahap hadé, (kalayan rata-rata peunteun 7,80).

### 3) Korélasi antara Pangaweruh jeung Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda

Korélasi antara pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI, kapanggih harga  $r_{xy} = 0,5$ . Hartina korélasina cukup jeung positif sarta signifikan.

## 5.2 Saran-saran

Dumasar panalungtikan, pikeun ngarojatkeun pangaweruh jeung kamampuh ngagunakeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMP Laboratorium Percontohan UPI, aya sawatara saran anu diajukeun di antarana waé:

#### 1) Pikeun Guru Basa Sunda

Dina kanyataan dilapangan, biasana siswa leuwih loba di béré tiori tibatan prakték. Sedengkeun antara pangaweruh jeung kamampuh téh silih ngalengkepan, dina harti porsi dua unsur ieu téh kudu sarua atawa saimbang. Ku kituna, dina pangajaran tatakrama basa Sunda siswa aplikasina kudu dirojatkeun. Salasahiji carana nya éta ku jalan loba méré latihan ka siswa dina pangajaran tatakrama basa Sunda. Salian ti éta dina ngarojatkeun pangajaran tatakrama basa Sunda, métode nu digunakeunana kudu variatif tur teu monoton. Hal ieu perlu diupayakeun sabab ieu pangajaran ngarojong kana kaparigelan nyarita.

#### 2) Pikeun Panalungtik Séjén

Patalina jeung panalungtikan, dipiharep panalungtikan basa séjéna bisa nalungtik hal nu sarua leuwih komprehénsip tur leuwih lega ambahanana.

